



## Viris Ansefalit Ekin (EEE)

### Kisa ki se yon enfeksyon viris ansefalis ekin lès?

Viris ansefalis ekin lès (EEE) se yon maladi ra men grav ki pwopaje bay moun lè yon moustik enfekte mòde ou.

### Kijan viris EEE a pwopaje?

Viris ki koze EEE a pwopaje atravè yon dan moustik ki enfekte. Moustik yo vin enfekte lè yo mode zwazo ki enfekte. Moustik enfekte yo pral okazyonèlman nouri sou chwal, imen ak lòt mamifè. Byenke imen, chwal ak lòt kalite mamifè ka vin enfekte, yo pa transmèt maladi.

### Ki siy ak sentòm yon enfeksyon viris EEE?

Kèk moun enfekte avèk viris EEE pa vin malad. Lè sentòm yo parèt yo ka varye sòti nan grip tankou gwo lafyèv ak maltèt a maladi pi grav. Lòt sentòm enkli doulè miskilè, mank enèji, kou rès oswa konfizyon. Ka grav yo devlope anflamasyon nan sèvo a (ansefalit) ki kapab danjere. Sentòm yo parèt nan kat a dis jou apati lè moustik enfekte a te mòde yon moun epi maladi jeneralman dire 1 a 2 semèn, men li ka pran plis tan pou retabli.

### Kijan EEE komen nan Boston?

EEE se yon maladi trè ra. Nan Massachusetts, moustik ki enfekte avèk viris EEE yo pi souvan jwenn yo nan ak ozalantou marekaj dlo sous. Depi 1938, lè yo te fenk idantifye viris la nan Massachusetts, te gen mwens pase 100 moun ki te genyen EEE. Moustik ki genyen EEE yo ra nan Boston men yo pi komen nan zòn tankou Plymouth ak rejyon Norfolk yo.

### Kimoun ki genyen viris enfeksyon EEE?

Pifò moustik yo pa transmèt maladi, toutfwa, nenpòt moun yon moustik enfekte mòde kapab genyen viris EEE. Moun ki gen nenpòt laj gen risk pou devlope maladi grav si yo enfekte avèk viris EEE.

### Èske gen yon vaksen pou pwoteje moun kont ansefalit ekin lès?

Non. Pa gen vaksen paske viris la parèt raman sou moun. Men gen yon vaksen pou itilize sou chwal yo.

### Ki tretman pou enfeksyon viris EEE?

Pa gen tretman spesifik pou enfeksyon viris EEE. Yon founisè swen santé ka preskri medikaman pou soulaje sentòm maladi a. Anpil ka pral mande pou entène lopital.

### Kijan Komisyon Sante Piblik Boston (BPHC) ap siveye ak kontwole EEE?

BPHC travay avèk Pwojè Kontwòl Moustik nan Rejyon Suffolk pou kaptire ak teste moustik yo ki ozalantou Boston pou maladi EEE pandan mwa ete ak otòn yo. Yo rapòte tès pozitif yo sou sit entènèt ([www.bphc.org/mosquitocontrol](http://www.bphc.org/mosquitocontrol)). Yo egalman mete sou pye mezi kontwòl pou moustik yo pandan mwa ete ak otòn yo. Nan marekaj yo, kolekte dlo lapli, ak lòt zòn nan vil la ap trete pou limite kantite moustik.

## Kijan Mwen Ka Pwoteje Tèt mwen?

### Etap yo pou anpeche moustik mode w:

#### Si w deyò nan yon zòn ki gen moustik konsidere opsyon sa yo:

- Sèvi avèk yon pwodwi kont moustik. Pwodwi kont moustik yo ki apwouve pa EPA enkli sa yo ki gen ladann DEET, lwil ekalptis ki gen sitwon, **Pikaridin** oswa **IR3535**. Li entriksyon ki sou etikèt pwodwi a pou ranseye w sou prekosyon ou dwe pran epi pou konbyen tan pwodwi a efikas. Apre w retounen anndan kay la, lave pwodwi a avèk savon ak dlo epi byen lave rad yo anvan ou mete yo ankò. Pa itilize pwodwi sa yo sou bèt sof si etikèt la apwouve l.
- Si w itilize yon pwodwi ki gen ladann DEET, pa itilize konsantrasyon plis ke 30 % sou adilt epi itilize fèb konsantrasyon DEET sou timoun yo. Mete DEET sou po ki ekspoze (pa nan zye ak bouch) epi sou rad, men pa itilize l sou blesi ki ouvè oswa koupe. Pa mete l anba rad.
- Pa kite timoun yo mete pwodwi kont moustik la pou kont yo. Mete pwodwi a nan men w epi fwote l sou timoun nan. Pa mete pwodwi a nan zye oswa nan bouch oswa nan men timoun yo epi pran prekosyon nan zòn zòrèy yo. Pa pase DEET sou tibebe (yo kapab itilize moustikè sou chèz tibebe yo) oswa lwil ekalptis ak sitwon sou timoun yo ki poko gen laj 3 ane.
- Mete rad pou pwoteje w tankou chemiz manch long, pantalon long ak chosèt depi sa posib. Mete chemiz ou anndan pantalon w pou anpeche moustik yo pase anba rad ou.
- Byenke moustik yo ka mòde w a nenpòt kilè pandan jounen an, eseye limite kantite tan w ap pase deyò ant lè solèy ap kouche ak lè solèy la ap leve se lè sa moustik yo pi aktif.
- Asire twil pòt ak fenèt ou yo pa gen twou ladan yo. Twil ki nan bon kondisyon pral ede anpeche moustik antre anndan lakay ou.

**Moustik yo bezwen dlo pou yo fè pitit. Yo kapab devlope pou vin adilt nan lespas yon semèn. Asire w ke atik yo ki ozalantou lakay ou pa kolekte dlo. Ou dwe netwaye atik yo ki kolekte dlo yon fwa pa semèn.**

- **Veso:** Vire oswa kouvri po flè yo ki pa itilize, bokit, bokit fatra, ak bourèt yo. Chanje dlo nan basen zwazo yo yon fwa pa semèn.
- **Dal:** Retire fèy yo ak lòt debri ki ka bouche dal yo epi bare dlo yo.
- **Pisin:** Kouvri pisin ki pa sèvi epi vire pisin timoun yo lè li p ap sèvi . Asire ou kenbe kouvèti pisin yo klè san fèy ak dlo. Trete gwo pisin yo epi fè dlo a sikile.
- **Vye Kawoutchou:** Kouvri oswa jete yo. Yo se lokal repwodiksyon prefere moustik yo.

